

## **Group Sante, yon gwoup byennèt pou moun ki pale kreyòl ayisyen**

Objektif gwoup sa a se jere maladi kwonik pou moun ki pale kreyòl nan kominote nou an.

Gwoup sa a akeyi yon gran kominote moun menm jan avèk ou pou fè nou fè mouvman epi ban nou konesans ak sipò pou nou ka ede youn lòt vin gen pi bon kontwòl ak konpreyansyon sou pwoblèm medikal nou yo. Nou mete tèt ansanm ak depatman Nitrisyon, Terapi Fizik, ak lòt depatman toujou pou pote swen kalite siperyè pou ou. Manm gwoup la ap fè chita pale, resevwa edikasyon, fè egzèsis epi jwenn anpil lòt aktivite ak demonstrasyon pou byennèt.

**Pou:** Granmoun ki gen laj omwen 18 an ki pale kreyòl ayisyen

### **Antre nan Gwoup sa a**

#### **Sa tout manm nan gwoup la dwe fè:**

- Gwoup la dwe rete yon kote ki san danje ak konfidansyèl
- Ou dwe alè oswa fè ekip la konnen si w ap absan/an reta
- Respekte youn lòt
- Ou dwe kapab pale lang gwoup la
- Aplike konesans ou jwenn lan nan lavi ou

*Atansyon: vizit gwoup la se vizit medikal donk n ap voye bòdwo pou asirans ou. Gen asirans ki gen dwa egzijè kopeman pou vizit sa yo. Tanpri verifiye ak asirans ou si ou gen kesyon.*